



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON LÒT ANE REKÒ POU PAK ETA A YO AN 2021

Patisipasyon nan tout eta a ogmante plis pase 427,000, Niagara Falls trase chemen an

Bidjè Egzekitif Gouvènè a gen ladan 200 milyon dola pou amelyorasyon Pak Eta a yo pou akeyi vizit k ap ogmante

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pak, sit istorik, teren kanping, ak santye nan Eta New York yo te resevwa yon kantite rekò 78.4 milyon vizit an 2021, kontinye gwo nivo vizit yo obsève depi kòmansman pandemi COVID-19 la.

"Soti nan Niagara Falls rive nan Montauk Point, Pak Eta nou yo ak sit istorik nou yo se yon trezò ke chak Nouyòkè ta dwe kapab pwofite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan pandemi an, pak ak espas piblik yo te vin pi enpòtan ke jamè -- sa ki bay Nouyòkè yo yon espas anplennè san danje ak agreyab pou rasanbleman ak lwazi. New York te fyè pou li resevwa yon kantite rekò vizitè nan Pak Eta nou yo ane pase, epi nou pa ka tann pou nou modènize sistèm pak nou yo pandan n ap apwoche 100yèm anivèsè istorik li an 2024".

Vizit total yo nan tout eta a te ogmante an 2021 nan plis pase 427,000, gras ak yon rebon ekstraòdinè plis pase twa milyon vizitè nan Pak Eta Niagara Falls konpare ak 2020, lè touris sou fwontyè entènasyonal la te redui akòz pwotokòl COVID-19 yo. Plis pase nèf milyon vizitè te ale nan Park Eta Niagara Falls la ane pase.

Kantite moun ki te ale nan Pak Eta a pa te sispann ogmante, kote li te ogmante 41 pousan depi 2008. Anplis kantite moun total ki te ale, Pak Eta yo bat yon [nouvo rekò](#) pou vizit lannuit an 2021 nan teren kanping, kabin ak chalè ki te rezève pou plis pase 787,000 nuit.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Mwen rekonesan paske ankò plis moun te deside yo vle ale nan Pak Eta nou yo ak Sit Istorik nou yo an 2021, menm lè lòt opsyon lwazi yo te vin pi disponib pou yo. New York te envesti anpil nan ane pase yo pou rann enstalasyon li yo klas mondyal epi plis amelyorasyon toujou ap vini".

Bidjè 2022-23 Gouvènè Hochul te pwopoze a gen ladan 200 milyon dola nan finansman kapital pou Pak Eta yo, yon ogmantasyon 80 pousan pa rapò ak nivo aktyèl la, pou amelyore inisyativ kapital NY Parks 100 lan. Gouvènè Hochul te anonse yon pwojè konsa - kreyasyon yon nouvo Pak Eta nan zòn High Falls nan anba lavil Rochester - nan diskou Eta Leta li a an janvyè. Yon lòt nouvo Pak Eta ap kreye nan vil Kingston epi ta dwe ouvri pou piblik la nan pita ane sa a.

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Avèk plis vwayajè k ap chèche nouvo fason pou soti anplennè, sistèm Pak Eta klas mondyal nou an ofri vizitè yo opòtinite san parèy. I LOVE NY ankouraje ak fyète vwayajè yo nan eta a, peyi a ak monn lan pou ajoute pak, santye, sit istorik ak teren kanping nou yo nan kad pwochen eskapad yo a epi fè pati yo tout".

Pi gwo pwojè pak yo ki te fini depi kòmansman pandemi an te gen ladan yon renovasyon pisin nan Pak Eta Franklin D. Roosevelt nan Konte Westchester, ouvèti yon premye Santye Natirèl pou Otis nan Pak Eta Letchworth, ekspansyon Pak Eta Niagara Falls pou amelyore aksè nan ravin Niagara nan elimine yon seksyon nan ansyen pwomnad Robert Moses la, kreyasyon yon nouvo Sant Vizitè nan Rezèv Pak Eta Minnewaska, ouvèti Sant Enèji ak Natirèl Jones Beach ak yon Sal Onè Kè Vyolèt elaji.

NY Parks 100 ap konsantre sou kreyasyon kote pou gen lwazi lokalman, pou soulaje pak ki gen twòp foul yo, akeyi nouvo vizitè, epi pwoteje eritaj anviwònmanal ak istorik Eta New York. Nouvo plan sa ap asire ke moun ki soti nan tout kominote epi ki gen tout laj ak kapasite ka eksperimante anviwònman, kilti, ak eritaj nou yo nèt.

Gouvènè Hochul te pwopoze tou yon "Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt" 4 milya dola ki pral vote an novanm 2022. Si elektè yo apwouve li, lwa a ap ranfòse finansman pou rediksyon chanjman klimatik, pwojè restorasyon ak rediksyon risk inondasyon ak lòt pwogram pwoteksyon anviwònmanal.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje aplikasyon mobil NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epi tou, konekte sou Facebook, Instagram ak Twitter.

Senatè José M. Serrano te deklare, "Pak Eta ak Sit Istorik yo se yon refij pou Nouyòkè ak vizitè k ap chèche opòtinite rekreyatif san danje pandan pandemi an. Pandan ke moun yo jwenn benefis fizik ak sante mantal nan pase plis tan nan lanati, se pa etonan pou nou wè ke patisipasyon moun yo kontinye grandi. Anpil remèsiman bay Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Pak Eta Erik Kulleseid pou angajman yo nan pak nou yo epi mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou ede konekte ankò plis Nouyòkè yo nan aktivite anplennè yo".

Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, te deklare, "Pak yo se enfrastrikti vital nan eta nou an. Yo bay sèvis pandan tout ane a, konstwi kominote ak ankre ekonomi nou an. Jan rekò sou prezans nan pak yo montre sa, Nouyòkè yo vle ak bezwen espas piblik pou pwospere. Lè COVID te anpeche sosyalize anndan, pak yo te sèvi kòm yon refij san danje. Envesti nan sistèm pak nou yo se yon bagay kle pou rekiperasyon pandemi nou an, se poutèt sa mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul se yon vrè patnè nan angajman li pou pèmèt espas vèt ekitab ak aksesib pou tout Nouyòkè yo".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)